


# Analiz Ekite sou Tarif MBTA: Kijan li fonksyone?

Remake: Sa a se yon prezantasyon senplifye nan pwosesis la. Gade tout règleman an pou jwenn plis detay.




Pwosesis sa a kòmanse  
avèk nenpòt chanjman pri  
tikè ki pwopoze a.



Èske chanjman an mande yon **analiz ekite**? Wi, si chanjman pri tikè yo pwopoze a pral dire plis pase 6 mwa epi li pa yon diminisyon akòz yon pwojè konstriksyon oswa menm jan an. Sa gen ladann chanjman nan kalite tarif ak fason pou peye.

MBTA a pral fè yon **analiz ekite** epi konpare mwayèn pri tikè popilasyon pwoteje yo anvan ak apre chanjman an te fèt pou detèmine si chanjman an afekte yon fason enjis oswa si yo chaje pasaje pwoteje.



Èske chanjman w enjis? Pa egzanp, li enjis si yon chanjman pri tikè a bay yon ogmantasyon 20% nan pri tikè mwayèn pou pasaje ki gen revni fèb men yon ogmantasyon 10% nan pri tikè mwayèn pou lòt pasaje yo. Apre sa, analiz sa a prezante bay Konsèy Administrasyon an.

Anvan w kontinye, si chanjman an pral gen yon **enpak enjis** sou pasaje yo pwoteje sou baz ras/etnisite, MBTA a dwe eksplike bezwen pou chanjman ak montre ke pa genyen altènativ efektif. Si chanjman an pral gen yon **enpak enjis** sou pasaje minorite yo, MBTA dwe konsidere mezi atenyasyon ak nenpòt altènativ ki disponib.

